АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№41
(10087)

РУЗМАН

13 октябрь
2023 сон

28 РАБИГIУЛЬ-АВВАЛЬ
1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ДАНДЕЛЪИ

## Патриотикияб хIалтIи цIикIкIинабиялъе



ДРялъул бетIер С.Меликовасул тIадкъаялда рекъон, араб анкьалъ райадминистрациялда росдал бегавулзаби, имамзаби, депутатал ва жавабиял гIуцIабазул вакилзаби ракIарараб гIатIидаб данделъи тIобитIана.

Данделъиялъул аслияб суаллъун букIана РФялъул рагъулал къуватазде контрактиял къотIи-къаялги хъван, гIолилал хъулухъ тIубазе ине квербакъиялъе тадбирал тIоритIи.

Данделъиги рагъун районалъул бетIер МухIамад ХIасановас бицана Кавказалъул рагъулъ бергьенлъи босаралдаса 80сон тIубаялде ва РФялда гъорлъе цIиял ДНР, ЛНР, Запорожье ва Херсон областал лъугьиналде буссун байрамияб тадбир тIобитIиялъул.

– Нилъер тарихалъул хIисабги гьабун, жакъасеб къоялъ хIукуматалъ кьолел ругел ресал хIисабалде росун, нилъеда тIадаб буго цебе лъураб суал тIубазабизе. Жакъа гьанир ракIарун руго районалъул бищун цересел хIаракатчагIи. Нужеца гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабиялда бараб буго гьарулел ишал рагIалде рахъинариялъулъ цIикIкIунисеб бутIа,-ян кIалъана данделъараздехун районалъул бетIер М.ХIасанов.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ КИНАБГО ФРОНТАЛЪЕ. КИНАБГО БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪЕ

## Фондалъул лъагIалил баян

ЛъагIел данде сверана нилъер районалда рагъулаб спецоперациялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул мурадалда «Кинабго фронталъе. Кинабго бергьенлъиялъе» абураб фонд гIуцIаралдаса. 2022 соналъул 6 октябралдаса жакъасеб къоялде щвезегIан фондалъ бакIарараб гIарцул къадар ккола 1 902 218 гъурущ ва цIалул идарабаздаса рачIарал посылкабазул 208 коробка.

Аслияб бутIа бакIарараб гIарцулъ буго районалъул мугIалимзабазул ва медиказул. ГIадатиял гIадамал гIахьалаб иш гьеб букIиналъ, гьезда цебе лъун, фонд гIуцIаралдаса нахъе гьабураб кумекалъул гIатIидаб баян кьолеб буго нижеца гьаб номералда.

ТIадехун бихьизабураб заманалда жаниб фондалъ гьабураб кумек бахана 1 718 230 гъ. гIарцудалъун. Гьелда гъорлъ буго щуго нухалъ районалдаса битIараб гуманитарияб къайи, рагъухъабазе жидеего ва гьезул хъизаназе гьабураб кумек.

1-себ гуманитарияб груз, 238380 гъурущалде ккараб, битIана 2022 соналъул 28 октябралъ МахIачхъалаялде.

2-леб къайи, 155100 гъ. ккараб, битIана 2022 соналъул 11 ноябралъ МахIачхъалаялде.

3-леб къайи, гьаб соналъул январь моцIалъ битIана районалдаса мобилизациялда арав 15 рагъухъанасе ва 1 добровольцасе фронталде, щивасул ругеб бакIги мухIкан гьабун. Гьениб жаниб данде гьабун букIана хинаб ретIел, дараби, квание нигIматал. Школаз бачIараб къайи тIад бикьун, камураб тIаде босун араб гIарац ккола 25600гъ.

4-леб грузалда 27 январалъ МахIачхъалаялде битIана 50 хинаб жилет, 13 коробка продуктазул ва 8 ящик дарабазул.

5-леб нухалъ 6 маялъ МахIачхъалаялде битIана 49 коробка школлъималаз хIадурарал посылкабазул.

1 299 150 гъурущалде кумек гьабуна фондалдаса СВОялъул гIахьалчагIазе, чIварал рагъухъабазул ва мобилизациялда аразул хъизаназе.

Гьелда гъорлъ буго:

300 азарго гъ. мобилизациялда аразул 15 хъизаналъе къураб 20 аз.гъ щивасе.

39500гъ. эбелалъул къоялде ноябрь моцIалда мобилизациялда аразул ва хваразул руччабазе ва улбузе гьаруна сайигъатал. Районалда бугеб 11 хъизаналъухъе щвана гьеб къоялда.

55 азарго гъурущ битIун букIана эбелалъул къоялде шагьаралда гьабураб тадбиралде. Гьенир ахIарал 11 чIваразул хъизанасе 5аз.гъ. кьуна щивасе.

18 аз.гъ. ана ЦIияб сон баркун районалда ругел мобилизациялда аразул лъималазе гьарурал сайигъатазухъ.

180 аз.гъ. кьуна 23 февралалде, анцI-анцI азарго гъурущ рагъухъабазул хъизанасе.

70 аз.гъ. 8 март баркун цебесеб байрамалда кьечIого хутIарал мобилизациялда аразул хъизанасе кьуна гьединго гIарцул конвертал.

30 аз.гъ. ккарал сайигъатал ва тIугьдул хIадурун рукIана 15 мобилизациялда рекъон аразул руччабазе ва улбузе.

217,5 аз.гъурущ хвезабуна 9 май баркун Бергьенлъиялъул парадалде ахIун рукIарал СВОялъул 29 гIахьалчияссе гьарурал сайигъатазда. Гьезие щивасе кьуна 5 азарго гъурущ гIарцул ва ракIалдещевеялъе сайигъатал.

25 азарго гъ. тIадеги росана гIахьалчагIазе кьезе 10 нус.

15 аз.гъурущалде 1 июналъ, лъималазул къо баркун, мобилизациялда аразул районалда ругел хъизаназдаса 12 лъимадуй сайигъатал кьуна. Район бахун къватIир гIумру гьабун ругезе жиндирго рахъалдаса кумек гьабуна ДРялъул рохьазул магIишаталъул комитеталъул председатель, КъахIиса Вагьаб ГIабдулхIалимовас.

170 аз.гъ. 1 сентябралде школалде лъимал хIадурулеб акция тIобитIун, районалда ругел 6 лъимадуй ва шагьаразда ругел 11 лъимадуй фондалдаса 10 аз.гъ. лъурал конвертал щивасе ва КЦСОНалъул рахъалдаса школалъул форма кьуна.

10950гъ. сайигъатал гьаруна ГIасаса ва ЗанатIаса чIварал рагъухъабазул улбузе август моцIалъ рагъулабгун ралъдал флоталъул къо кIодо гьабун.

Гьединго, фондалдаса гьаруна цо-цо контрактиял хъулухъалда ругезул хъизаназеги.

Ракъуса добровольцасул хъизаналъе 20аз.гъ ва лъималазе 10 200гъ. сайигъатал гьаруна, ункъго лъимерги бугеб кIудияб хъизаналъе кумек хIисабалда.

Лъабго вас рагъулал лъугьабахъиназда гIахьаллъулел ругей ТIогъохъа эбелалъе гьабуна 20 аз.гъ гIарцудалъун ва 5 аз.гъ сайигъатаздалъун кумек.

СВОялда лъукъун вачIарав Гьоориса рагъухъанасе гьабуна 7500 гъ сайигъат. 7000гъ сайигъат жиндирго рахъалдаса кьуна районалъул бетIерас Ленинкенталда вукъарав Гьоориса СВОялъул гIахьалчиясул хъизаналъе.

Районалъул бетIерасулгун официалиял дандчIваязде щварал кIиго рагъухъанасе 5 аз.гъ. щивасе ва сайигъатал кьуна.

Нилъер районалда рукъарал СВОялъул гIахьалчагIазул цIарал кIодо гьарун, гьезул росабалъ чIвана мемориалиял хъарщал. ГьелъиеГ фондалдаса хIалтIизабуна 80 аз.гъ.

П. МУХIАМАДОВА

■ НИЛЪЕР БАХIАРЗАЛ

## Рагъухъабазе шапакъатал

**Къадруялда рагъулаб хъулухъ тIубан цойги бахIарчилъиялъул цIар щварав нилъер районцоясул хабар щвана арал къояз. ХIотодаса ГIалиев Сайпула НурмухIамадович рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ шапакъаталъе вихьизавун вуго.**

**НИЖЕР БАЯН:**

*ГIалиев Сайпула НурмухIамадович гьавуна 1986 соналъ ХIотода росулъ. ХIотода школалда аслияб лъай щварав Сайпула цIализе лъугьана Буйнакскиялда бугеб медучилищеялде.*





*2010-леб соналъ гьениб цIали лъугIун, кIиго соналъ хIалтIана Буйнакск шагьаралда психиатрическияб больницаялда.*

*2012-2015-лел соназ Сайпула хIалтIана Гъизилюрт шагьаралъул больницаялда, реанимациялъул отделалда.*

*2015-леб соналдаса нахъе хIалтIулев вукIана нагагьал балагьал ккаралъуб битIулеб медицинаялъулаб хехаб кумекалъул машинаялда.*

*Россиялъул гIорхъабазда тIобитIулеб бугеб СВОялда гIахьаллъизе жиндиего бокьун контрактияб къотIи-къайги хъван, ана фронталде 2023-леб соналъул февраль моцIалъул ахиралда.*

*Август моцIалъ РФялъул Президентасул указалда рекъон ГIалиев Сайпула мустахIикълъана «За спасение погибавших» медалалъе.*

ГIалиев Сайпулал вац ГIалиев Муса НурмухIамадовичги ккола СВОялъул гIахьалчилъун. Гьесул хIакъалъулъ баян ва щвараб рагъулаб шапакъаталъул нижеца кьун букIана газеталда цебеккун.

2023-леб соналъул март моцIалъ РФялъул Минобороналъ къураб буюрухъалда рекъон, хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Муса ГIалиевги мустахIикълъун вукIана 2-леб даражаялъул «за Воинскую доблесть» медалалъе.

Районалъул чIухIилъун руго рагъулаб борч тIубалел ругел гIолилал, хасго цо хъизамалдаса кIигоги лъабгоги васал гьенир рукIин рагIидал. Нужер къвакIиги, къохIехьейги тIатунеб буго къо ккараб мехалъ.

НИЖЕР МУХБИР

■ ДАНДЕЛЪИ

# Патриотикияб хIалтIи цIикIкIинабиялъе



(Байбихьи 1-себ гьум.)

Районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев МухIамаднаби ХIажиевас бицана контрактиял къотIи-къаялги хъван, гIолилал РФялъул рагъулал къуватазде хъулухъ гьабизе ахIиялъе гьарулел хIалтIабазул. Гьединго, М.ХIажиевас 2023-леб соналъул хаслихълъиялъулаб призывалде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул баян кьуна.

«Къануназда рекъон повестка щвейгун, военкоматалде рачIинчIел гIолилазе ва ВУСазул хIалтIухъабазе жалго ругеб бакI балъго гьабурал призывалъулаб гIелалъул гIолилазе штрафал цIикIкIинарун руго исана»,- ян тIаде жубана Шамил ва ЛъаратIа районазул рагъулав комиссариаталъул призывалъул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулхаликъовас.

Умумузул мисалги босун, ВатIан бокьи цIиял гIелазулъ куцаялде кIвар буссинабизе ккелин абураб пикру загьир гьабун кIалъана районалъул харабазул Советалъул председатель ГьитIинамухIамад ХIажиясулов ва районалъул жамгIияб палатаялъул председатель ГIабдулвахIид ХIажиев.

Районалъул имам ГIизудин ГьитIиножоевас рорхана–наркотикал ва электронниял сигаретал гIадал зарал кIудиял жал гIолилазда гьоркьор тIиритIизариялъул, патриотизм дагьлъиялъул ва цогидал жакъа къоялъул цIакъго кIвар бугел суалал.

Ракьазул бетIергьанлъи бихьизабулел документал гьариялъул ва церекккун хIисабалде росун рукIарал ракьазул ихтиярал ралагьиялъул бицана ракьазул хал гьабиялъул райадминистрациялъул специалист МухIамад ГIумарасхIабовас. Гьединго, данделъиялда бицана рухIиял идарабазда ихтиярал цIунулел документал гьариялъул ва терроралдаса цIуниялъул, хIинкъи гьечIолъиялъул паспортал гьариялъул. МухIамаднаби ХIажиевасул рагIабазда рекъон, жакъа къоялде документал роцIинарун руго 13 мажгиталъ, 39ялда гьоркьоса.

Гьединго, данделъиялда гIахьаллъараз лъай-хъвай гьабуна РЭСалъул цIияв нухмалъулев Шамил ГIусмановгун.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Спартакиада

**8 октябралда, ХIебда хIухьбахъиялъул паркалда тIобитIана районалъул мугIалимзабазул спартакиада.**



ГIадатлъун лъугьараб ва исана кIиабилеб нухалъ тIобитIулеб гьеб тадбиралда гIахьаллъулел мугIалимзабазул къадар цIикIкIун букIана исана. Районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул ва РУОялъул хIаракатчилъиялда тIобитIараб спартакиадаялда гIахьаллъана 11 лъайкьеялъул идарабаздаса 100 - гIанасев мугIалим. Спорталъул батIи-батIиял тайпабаздасан (волейбол, халалъуде кIанцIи (бихьинал ва руччаби), шашкаби, шахматал хIай, гиря борхи, граната рехи, 1000 ва 100 метралъ рекери) гIуцIарал гьел къецазда мугIалимзабаз бихьизабуна бергьенлъиялде бугеб гьира-шавкъ ва цоцалъ гъунки. ХIалуцарал къецал ахиралде щвезегIан лъалеб букIинчIо кинаб командаялъ бергьенлъи босилебали. Спартакиадаялъул чемпионлъун бахъана Гьолокь гьоркьохъеб школалъул команда, кIиабилеб бакI босана ХIебда школалъул командаялъ, лъабабилеб бакIалде бачIана ТIелекь №1 школалъул команда.

ТIадехун рехсарал тайпабазда мугIалимзабаз рихьизаруна гьадинал хIасилал:

1.Волейбол- Зивуриб ООШ, ТIелекь №1 СОШ ва КъахIиб СОШ

2.Шахматал: АхIмадов ГI.А. (ТIелекь №1), НурмухIамадов ГI. (ГIасаб), Юсупов Ю.ХI (ХIебда)

3.Шашкаби-Назирбегов М.Ш.(ХIебда), ГIумаров А.М. (Бакълъухъ), Хириясулаев М.Х. (Зивуриб)

4.Гиря борхи- ГIумаров ГI.М (ХIотода), Гъазиев Гъ. (ТIелекь №1), МухIамадов М.(Бакълъухъ), ХIажиев ГI.М. (Зивуриб)

5.Пужихъ речIчIи: Юсупов Ю.ХI. (ХIебда), Эльдарбегов С. (Гьолокь), ХIусенов И.ГI (Хучада), Якъубов М.М. (КъахIиб), ХIажиев ХI. (Дагъбаш)

6.Граната рехи- Рамазанов Р. (Гьолокь), Дибиров М. (Гъогъолъ), Пайзулаев М. (ТIасабакълъухъ)

7.Халалъуде кIанцIи (руччаби)-ХIасанова П.Р. (ТIидиб), Шапиева П.Я. (Бакълъухъ), ГIабдусаматова А. (ТIасабакълъухъ)

Бихьинал: Шангираев Г.А. (ТIелекь №1), Исрапилов М.И. (Гъогъолъ), Рамазанов Р.Д. (Гьолокь)

8.1000 м рекери – МахIмудов М.М.(ХIебда), ХIажиев Х. (Дагъбаш), МухIамадов М.(ГIасаб)

9.100 м рекери - Кусаева П. (ГIасаб), ГIалиева П. (ТIасабакълъухъ), МухIамадова П. (Микьигъориб)





**Давуд ДАВУДОВ**





■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

**Гьолокь росдал имам МухIаммад ДибирмухIамадов**

## Зулмуялдаса хIинкъа



Аварагас (гIалайгьи ссалату вассалам) МугIаз асхIаб Еменалде дин ислам малъизе витIулаго гьесда абуна: «Мун хIинкъа (цIуни гьабе) жинда тIад зулму гьабурасул дугIаялдаса (хьамиялдаса) хIакълъунго гьелдаги (дугIаялда) Аллагьасдаги гьоркьоб пардав букIунаро, ай гьединасул дугIа чIван къотIун къабулаб букIуна».

Гьединго цоги хIадисалда буго Аварагас ﷺ асхIабзабазда цIеханин: «Нужеда лъалищ щив чи хъаркIас кколевани»? Гьез абуна: «Я бичасул Расул ﷺ, нижеда гьоркьов хъаркIас ккола жидер я гIарац, я къайи-матахI гьечIев чи». Цинги Аварагас ﷺ абуна: «Дир умматалдасан хъаркIас (банкрот) ккола жив къиямасеб къоялъ какги, кIалги, закагIатги (гьелъул кири) босун вачIунев. Гьелдаго цадахъ жив вачIунев цоясде хьамдон, цогидасда рогьоб бан, цогидасул боцIи хIарамго кванан, цоясул би тIун, цогидасда кьабун, цинги жиндир кириялдасан дозие кьолеб кири лъугIани, жинда бугеб хIакъ бецIилалде, дозул мунагьал росун гьасда раччизарулеб. Цинги живги жужахIалде рехулев».

Зулму чияда гьабулеблъун бугониги, нилъерго нафсалда гьабураблъун кола, чияда жакъа гьабураб зулму сабаблъун метерисеб къоялъ нилъерго нафсалъе гIазаб букIиналъе гIоло. Зулмуялъул мунагьалъул хIинкъиги кIудияб буго, жинда зулму гьабурав тIаса лъугьинчIого Аллагьас чуруллареб букIиналъе гIоло.

Бицунеб буго ГIаббасияв халифаясул вазир Халид Бину Бармак васгун асирлъуде ккейдал, васас абунила: «Я дир эмен доб къадруялдаги ханлъиялдасаги хадуб нилъ гьаб асирлъудеги захIмалъиялдеги щиб сабаблъун ккаралин?» Халидица абун буго: «Нилъехъан тIад зулму гьабурас сардилъ гьабураб дугIаялъ, нилъги гьеб дугIаялдаса гьапуллъарал, Аллагь гьелдаса гьапуллъичIев».

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# КЪОГИ ХIЕХЬАНА, ЗАХIМАЛЪИГИ БИХЬАНА

**Жеги гьитIинго вукIана АхIмад эмен КIудияб ВатIанияб рагъде арав ва гьениб кваранаб гъежги батIалъун гьев рагъдаса вуссараб мехалъ. Вуссун чанго соналъ лъалаан гьесда эмен Изба-читальниялда хIалтIулев вукIаравлъи. Цо заманаялъ гьесул эмен вукIана колхозалъул боцIул фермаялъул заведующийлъунги. Гьениса МахIачхъалаялде лъай камил гьабулел курсазде витIарав гьев, тIадвуссунаго автоавариялъул хIасилалда Аллагьасул къадаралде щвана.**

РукIана ветеранасул гIемерал рагъда щварал шапакъаталги, "За отвагу" ва "За оборону Сталинграда" ва цогидал. РукIине гьел цIакъ гIемерал рукIана, амма гьитIинав вацас гьел тIагIинарун ратана махсаро хIалаго. БакI-бакIалде ун, кIудияв гIедал АхIмадицаги гьезул цIех-рех гьабичIо. Абизе ккола инсулаб тарбияги ва хинлъиги гьасие цIакъго дагьаб щванин.

Ругъелда 7 сонилаб школа лъугIигун, анцIго класс лъугIизегIан гьев цIалана КъахIиб гьоркьохъеб школалда. Интерналда вукIаниги, дол соназ цIакъго мукъсанаб букIунаан квен, хасго гIодор къояз. Гьениса лъугIигун, цIализе лъугьана хехал курсал ругеб МахIачхъалаялъул зооветеринарияб техникумалде. Кодоб лъаялъул документги бугев гIолохъанчи тIамула Сталинил цIаралда бугеб колхозалъул хъутада бугеб МТФялъул нухмалъулевлъун. КIиго соналдаса ахIана Советияб Армиялде. Гьев ккана Сумский областалъул Глухов шагьаралда ракетный частальул штабалде. Рагъулаб хъулухъ лъугIулеб соналъ гьенир рагьана ВУЗазде унезе хIадурлъиялъул курсал. 3 соналъ армиялда хъулухъги гьабун цIализе лъугьана ДагъистаналъулросдалмагIишаталъул институталде. Гьенир цIалулел соназ рокъоса бачIунеб сайгъат-салам гьечIониги, кIвана гьесда бетIер бахъизе. Гьев вукIана группаялъул старостаги.

Росулъин абуни, гьасул ургъалида колхозалда хIалтIулей эбел йикIана, гьелъ хьихьизе кколев гьитIинав вацги вукIана. ЦохIо стипендия букIана гьев хьихьулеб жо. РукIана чанги ракъарал къоялги, рукIана захIмалъабиги, амма гьел рихьичIого чи тIувалищ? «ЛъикIабги эркенабги гIумру лъазе ккани, инсанасда дагьабгIаги къварилъи-захIмат бихьизе кколеб буго. Гьеб мехалъ гурони лъикIаб гIумруялъул лазати лъалеб гьечIо,»-ян абуна АхIмадица.

Институталда цIалулагоги, гьеб лъугIун хадубги гIемер щолаан районалъул ва районалъул гурел хъутабазда ругел магIишатазде. ГIи-боцIуе рахунел унтабазде дандечIарал укол гьаризеги, дараби кьезеги, унтаби ругищали хал гьабизе би бахъизеги. Ветеринарияб хIалтIи цIакъ бокьулаан АхIмадие. Гьелдехун унго-унгояб рекIел цIайиги, махщелги щвана гьесие институталдаса направлениялда рекъон хIалтIизе Орловский областалъул бечедаб хIалбихьиялъул станциялде витIараб мехалъ. Гьенир рукIана гIемераб боцIи гуребги, гIемерал чуялги. БетIерав ветврачлъун гьенивги хIалтIун, тIад вуссана гьев гIагараб районалде.

Цин "Советский" совхозалъул бетIерав ветврач, хадуб районалъул ветеринарияб станция ва ахирги 1975 соналдаса 2002 абилеб соналде щвезегIан ветеринарияб лабораториялъул нухмалъулев. Бигьаяб хIалтIи букIинчIо районалда бугеб 150азарго гIанасеб гIи-цIеги, 40азарго гIанасеб чIегIерхIайваналъул анализазулги, босараб бидулги анализ гьабизе (жеги частный фактор рикIкIинчIого), нагагь унти батизе щаклъи ккарабго нахъего цIидасан гьабизе кколаан халгьаби. Гьеб букIана гьесул ва цадахъаб коллективалъул инсаният сах гьабизе лъураб кIвахI гьечIеб захIмат.

Лъай камиллъизабизе витIана МахIачхъалаялдеги, Ленинградалдеги. КIудияб къадру-къимат букIана гьесул хIалтIуда. Чанго нухалъ кIодо гьавуна ХIурматалъул грамотабаздалъун, гIарцулал шапакъатаздалъун. Къуна гьесие "ДРялъул мустахIикъав ветеринарияв тохтур" абураб хIурматияб цIарги.

АхIмадил букIана лъикIаб хъизанрукъ. Хъизан Хадижат хIалтIулей йикIана райбольницаялъул акушер-гинекологлъун. Гьейги кюла кIудияб къадру-къиматалда йикIарай "ДРялъул мустахIикъай тохтур". Дол соназ киналго росабалъе гуро автомашинаялъе нух букIараб. Чанго нух букIана рикIкIадисеб Дагъбаш, ТIасаколоб гIадал росабалъе лъелго яги чуялдаги рекIун ине ккарай. Лъимер гьабулей гIадан хвалдаса йорчIизе гIоло гьениб чанго къогицин базе ккараб. Бищун гьединал къояз малъкъосараб жо букIана гьезул тIоцевесев вас вукIана гьавуравго унтарав(дцп). Гьев цохIого рехун тезе бегьунгутIи.

Гьединаб мехалъ хIалае мадугьалзаби ратулаан. 30гIан соналъ хъулухъ гьабизе ккана гьез унтарасе. Кивехун вачаниги сахлъичIо гьев. Пенсиялде ингун, жеги 5 соналъги хIалтIун тезе ккана бокьулеб хIалтIи. Унтарав гьесие гIоло мина-къайи тун, рахъизе ккана росулъе Ругъелде. Чанго



соналъ цеве къадаралде щвана гьев. Бихьарасда гурони лъалеб жо гуро гьединаб лъимер букIин. КIвараб куцалъ хъулухъ гьабуна АхIмадицаги Хадижатицаги гьесие. ХIадурун рукIана гьел ахираталъул рокъове тIовитIулаго бегьараб садакъаги гьабизе, гьевги цойгидазда нахъе ккечIого тIовитIизе. Амма росдал дибирас лъазабуна кинабгIаги садакъаги гьабугейин, ричачIо радал-къаси хабатIе хьвадизеги. Гьев вукIанин Аллагьасул вали ва гьесие бихьизабураб нух бугин алжаналдеян. РакI бухIичIогоги кинха букIинеб. Амма эбел-инсуца бахIарчиго борхана васасул къисмат.

Жакъа гIумруялъул 86 сониде ваханиги Шагьидов АхIмад вохун вукIуна шагьаралда ругониги гьазухъе раккизе кватIуларел кIиялго лъимаздасаги, чанго соналъ цебе жакъа гIадин махIаби унтичIого рукIиналъ, паризаяб хIеж борхизе щвеялдасаги, къваригIараб хIажаталъе аскIор ругел лъикIал мадугьалзабаздасаги, захIматго букIаниги дагьабгIаги хьвадизе рес букIиналъги, гIумруялда дандчIварал гIемерал лъикIал гIадамаздасаги. Гьесги чIужу Хадижатицаги цо хасаб лъикIаб лъалкI тана гIумруялда. ГIумру халалъайги гьесие.

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТІАРАЛ ЦІАРАЛ

# Малаев ГІумариде

Балагьун бихьизе бихьинаб гІамал,
ГІагарал мугІрузе сайгъат гьабураб,
Ургъун цебе чІезе сабруяб гьими,
Гъурмада рекІеца
накъищлъун хъвараб.

Эбел ВатІаналъул тІабигІаталъул
ТІадегІанаб гьунар чорхолъе тІурав,
Чилъи, намусалъул, гьайбатлъиялъул
Гьелегьараб асар рекІелъе тІурав.

Пикру гІадаллъараб заманаялда
Зулмугун къеркьезе къокъараб лачен,
Къо ккедал ВатІаналъ тІаса вищарав
Могьохъа багьадур Малаев ГІумар.

ЦІадуца рухІулел бидул авлахъал,
Гьанирги дораги къанщарал вацал,
Гулла щун лъукъарал бида рецІцІулел
Гьезул тІалабалда тІадмагІарулав.

Рагъулаб вацлъиги цолъизе гьабун,
Гьужумалъ рахъунел рагъулал васал.
Миллатал батІиял, ВатІан хириял,
Хваниги чорхол яхІ бухІизе гьечІел.

Чарамул танкалъул керенги боркьун
Гулбузул цІадулъе унев бахІарчи,
Рагъул корониса хандакъазухъе
Лъукъарал къанщарал щвезе гьаризе.

Щиб гьабилеб къадар багьадурасе
БетІергьан Аллагьас шагьидаб кьеги,
Нахъидаб гІагарлъи, росу- жамагІат,
Сабруялда тезе тавпикъ гьабеги.



**Могьохъа Шамил**
**МАЛАМУХІАМАДОВ**

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# Хехаб кумекалъул махщелчи

**Гьале 31 сон балеб буго Шамил районалъул ХІебда бугеб больницаялда фельдшерлъун хІалтІулев вугелдаса ТІаса Бакълъухъа МухІамадов ХІабиб МухІамадовичас.**



Гьес тІокІлъигун лъугІизабун букІана медучилище. Доб заманалда специалистал направлениеги хъван ритІулаан хІалтІизе, МухІамадовги витІун вукІана ХІебда больницаялде. Гьелгощинал соназ ХІабиб хІалтІана батІи-батІиял отделениязда: хирургиялда, терапия, лор-отделениялда, гьанже гьев хІалтІулев вуго хехаб кумекалъул бутІаялда. ХІалтІул заманалда гьесие щвана кІудияб махщел унтарал сах гьаризе. Гьев хІалтІун вуго больницаялда рукІарал жидер махщел камилал, гІадамазеги рокьулел рукІарал врачазда цадахъ, ай МухІамадов ХІакимида, ОгохІмада, ХІамзатил МухІамадида, ХІамзатова Аминатида, ГІалиев МухІамадида, Ражабов Къурбандибирида ва гьел гурелги врачазда цадахъ. ХІабибица къуричІого тІуралел рукІана гьезул тІадкъаял дежурствоялда хІалтІулеб мехалдаги.

Унтараздехун гьесул букІана хІеренаб кІалъай, жигар бахъула гьел разияб лечение гьабизе. Гьелгощинал соназ хІалтІарав ХІабибие щун буго кІудияб махщел сундуе кинаб дарударман къваригІунебали ва гьел унтаразе хІалтІизаризе. Гьев вуго гІадамалги рокьулев, гьезул тІалаб хехго тІубазе хІадурав махщелчи. Гьединал махщелчагІи гІемерлъаги, унтаразеги сахлъи кьеги гьединазул хІурмат гьабизе. ХІабиб вугеб ХІебда гъоркьияб авалалда гьесухъе унел, рачІунел авалцоял кидаго рукІуна, цоязе укол, хІажатазе капельницаби лъола къаси-къалъи батІалъи гьечІого. ХІабиб, гІумру халалъаги, вохун таги лъималхъизамалдаса, къуват кьеги дуе гІадамал сахлъизаризе. Мун гІадал гІемерлъаги нилъер сахлъи цІуниялъул бутІаялда хІалтІизе.

**Заирбег МУХІАМАДНАБИЕВ,**
**ТІогьохъ херазул Советалъул**
**председатель.**

■ СПОРТ

# ЧІорбутІ речІчІиялъулъ бергьенлъаби

**«ЧІорбутІ речІчІиялъе ва чотІахъанлъиялъе куцай нуж»**
(Аварагасул ﷺ хІадис, имам Муслимица бицараб)

Гьел кІиялго ккола нилъер районалъул чІорбутІ речІчІиялъе ругьун гьариялъул «Ас-Сафра» клубалда куцалеллъун.

**ПатІимат**
**ЖАМАЛУДИНОВА**

Ахираб заманалъ Дагъистаналда машгьурлъулел ругел миллиял спорталъул тайпабаздасан цояблъун буго чІорбутІ речІчІи.

Дагъал церегІан къояз Казбек районалъул Дубки росулъ тІоритІарал чІорбутІ речІчІиялъул 7-леб халкъазда гьоркьосеб 3Д турниралда бергьенлъи босараздаса кІигояб ккола нилъер районалдаса- ТІелекь росулъа МухІамадгІариф Мирзаев ва ТІогьохъа МухІамадкъасум ИмангІалиев.

Щивасе батІа гьабулеб къецалдаги, командаялъул къецалдаги бергьенлъи щвана МухІамадгІариф Мирзаевасе 3D чІорбутІ речІчІиялъулъ. Гьеб турниралда МухІамадгІариф Мирзаевасе сайгъат гьабуна «Мастер спорта России международного класса» абураб удостоверение.

Командаялъул къецалда бергьенлъи щвана цоги нилъер районалдаса «мастер спорта России по стрельбе из лука» МухІамадкъасум ИмангІалиевасеги. ИмангІалиевасул бергьенлъи буго гІун бачІунеб гІелалъе мисаллъун, кІвахІ тун, тІадчІун спорталъе заманги къуватги кьурасе хІасил ккечІого букІине рес гьечІо. Хасго гьабизе лъикІаблъун буго исламияб диналъ беццараб чІорбутІ речІчІиялъе ва чотІахъанлъиялъе гІолилал куцай.

Баркула районцоязда лъикІал хІасилал. Жеги гІемерлъайги бергьенлъабазе мустахІикълъарал гьединал тадбирал.





# ЦОЛЪИ

БЕТІЕРАЙ РЕДАКТОР
МухІамадова ПатІимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитІинова ПатІимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТІ. МухІамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухІамад ХІамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитІинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухІамадов.

НАБОР
М. ГьитІиномухІамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГІисаевалъул

Газета гІуцІарал:
Муниципалияб гІуцІи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана “ЦІияб канлъи” ва “БагІараб цІва” абурал цІаразда гьоркь.

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватІисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-І къватІ, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностаь кьимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХІебда росу
Имам Шамилил къватІ 50